

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Tina hasil analisis patali jeung eusi téks, kontéks, jeung ma'na semiotik manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani sakumaha dipedar dina bab IV, bisa dicindekkeun sawatara hal sakumaha ieu di handap.

- a. Di lingkunganumatTarékatQodiriyahwaNaqsabandiyah (TQN), manakibanSyéh Abdul QodirJailanimangrupasalah sahijiamalantinatuamalan nu silipakait. Saliantimanakiban, amalanliannatéhnyaétadzikirpoéanjeungkhotaman.Perkaraétahalditélakeund inakitab*UquudulJumaan*, nu mangrupapadoman di PasantrénSuryalaya, Tasikmalaya. ÉtakitabdisusunkuSyéhMursyidShohibulWafaTajul Arifin.Enas-enasna naskah *manaqib* Syéh Abdul Qodir Jailani ngawengku 53 (lima puluh tilu) *manqobah* (riwayat) Syéh Abdul Qodir Jailani (SAQ). Éta riwayat téh sacara umum patali jeung nasabna SAQ, kahirupan dina mangsa SAQ keur budak, kagiatan nyuprih élmuna SAQ, kapunjulan jeung kaahéngan nu dicangking ku SAQ, nepi ka pupusna SAQ.
- b. Riwayat-riwayatdinanaskah*manaqib*Syéh Abdul QodirJailanitéhdibacakujamaah TQN jeungsawataramasarakat di Sukabumikalawanpakaitjeungamalan-amalanlianna, kayaningdzikirpoéan(unggal poé)jeungkhotaman. Ari barang nu biasana marengan dina prak-prakan manakiban téh umumna cai herang jeung bubuk

tipung. Amalan poéan, *khotaman*, manakiban, jeung cai hérang téh aya patalina ogé jeung *ngalap barokah*. Dzikir poéan mangrupa amalan nu dilaksanakeun sabadana sholat fardhu. Wujudna mangrupa dzikir *kalimah thoyibah*. Éta amalan dilaksanakeunana teu sagawayah, tapi aya padoman atawa aturan-aturan nu kudu dicumponan, di antarana nya éta:

- 1) wilangan dzikir ngawengku saeutikna 165, atawa bisa leuwih tapi tetep kudu ditungtungan ku wilangan ganjil;
- 2) dina waktu kaayaan teu rinéh atawa keur *safar*, wilangan dzikirna diwenangkeun ukur 3 kali, kalawan diganti (*qodho*) dina waktu nu lian. Prak-prakanana leuwih hadé dina waktu peuting atawa sabadana sholat peuting; jeung
- 3) dzikir dipiharep dilaksanakeun sacara jamaah kalawan sora nu tarik, tujuanana pikeun ngancurkeun teuasna haté nu dibungkus ku sifat-sifat *madzmumah* (goréng).

Ari amalan *khotaman* dilakukeun napak dina dua fungsi: 1) salaku faktor pangpokona dina ngahontal ma'rifat, jeung 2) du'a nu dianggap mujarab nu bisa digunakeun pikeun ménta ka Alloh dina urusan dunya jeung ahérat. *Khotaman* biasana dilakukeun sabadana sholat fardhu jeung dzikir kalimah thoyyibah. Dilaksanakeunana bisa sorangan (*munfarid*), tapi leuwih utama nalika dilaksanakeun sacara babarengan (*jamaah*). Di sawatara pasantrén TQN, *khotaman* biasana dilakukeun unggal poé ba'da magrib jeung ba'da isya, nyaéta sabada ngalaksanakeun sholat sunat *Lidaf'il Bala*. Salian ti éta, *khotaman* ogé dilaksanakeun ba'da Ashar unggal poé Senén jeung

Kemis. Boh dzikir poéan boh khotaman, dina pungkasanana dituturkeun ku du'a luyu jeung kahayang atawa kamampuh séwang-séwangan. Du'a nu bisa diucapkeun di antarana du'a kasalametan, tolak bala, ménta rizki nu barokah, jsté. Salian ti kontéks nu mangrupa amaliyah dzikir poéan (unggal poé) jeung *khotaman*, aya deui kontéks lianna nu marengan, di antarana cai hérang jeung bubur tipung. Saéstuna, cai hérang lain mangrupa barang nu kudu aya. Anapon kitu, dina unggal prak-prakan dilaksanakeunana manakiban, jamaah sok mawa cai hérang, biasana diwadahan kana botol. Éta cai hérang ku jamaah dijadikeun média ngalap barokah jeung jadi média tina dikabulna du'a luyu jeung paménta atawa kahayangna séwang-séwangan. Sabada bérés acara manakiban, cai hérang dina botol téh dibawa balik ka imah jamaah séwang-séwangan. Ku jamaah, éta cai hérang aya nu diinum, aya ogé nu dipaké sibeungeut jeung mandi. Ku ngalakukeun éta hal, pangjiad nu geus nyampak dina cai hérang téh dipiharep jadi marga lantaran dikabulna sapanejana séwang-séwang. Teu jauh béda jeung cai hérang, bubur tipung ogé miboga fungsi anu sarua. Bubur tipung téh sabangsaning kadaharan dijieunna tina tipung, siga dawet atawa céndol. Bédana jeung cai hérang, bubur tipung mah teu dibawa ka imah jamaah séwang-séwangan, tapi didalahar di imah atawa lokasi *shohibul manqib* sabadana bérés acara manakiban.

- c. Masarakat mistis-spiritual teu leupas tina unsur ma'na nu bisa disungsi tina sawatara hal. Ngaliwatan interprétasi semiotik, ma'na-ma'na dina manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani ogé bisa disungsi. Dina téks jeung kontéks manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani di antarana bisa dima'naan tanda indéks

ngaran SAQ, *tawassul*, ngimpi, cai hérang, jeung bubur tipung, sakumaha ieu di handap.

- 1) Ngaran Syéh Abdul Qodir jailani téh bisa dima'naan salaku hiji jalma nu ahli dina agama Islam jeung jadi pamingpin tarékat nu diciptakeunana. Éta jalma téh sok sanajan luhung élmu jeung jadi pamingpin, tetep mangrupa hamba atawa mahluk ciptaan Alloh nu taat jeung ngajalankeun saréat Alloh salaku nu ngawasana.
- 2) Istilah *tawassul* téh ngarujuk kana ma'na, wawakil, atawa média. Hal anu patali jeung éta hal téh nya éta ayana *wasilah* nu bisa dima'naan salaku *nu ngalantarankeun* atawa *média nu jadi marga lantaran*.
- 3) Ma'na nu bisa ditétélakeun tina itungan 165 téh di antarana nyaéta angka 1 nandakeun Alloh, angka 6 nandakeun Rukun Iman, jeung angka 5 nandakeun Rukun Islam. Rosululloh SAW ogé maréntahkeun sakumna umat Islam pikeun ngalakukeun dzikir sabada sholat fardu, réana 99 kali nu diwangun ku ngedalkeun *subhanalloh* 33 kali, *alhamdulillah* 33 kali, jeung *Allahu Akbar* 33 kali. Upama dikalikeun jeung réana sholat fardu nu lima waktu, unggal kalimah dzikir nu 33 kali téh réana jadi 165. Urangogébisa nengetansurat ka-1 dina Al Qur'an (surat Al-fatihah), ayat 5 jeung 6. Ayat 5 nétélakeun: “*MungkaAnjeunkuringsumembahjeungmungkaAnjeunkuringméntapitulung.*” Ayat 6 nétélakeun: “*Témbongkeunka kami jalan nu lempeng.*” NyembahjeungméntapitulungkaAllohtéhayadinaRukun Islam, aribekelpikeunnyungsijalan nu lempengtéhnyatanaRukunIman.Tina éta

ma'na itungan, bisa ditétélakeun yén dzikir ba'da sholat fardu mangrupa hal nu mancegkeun Islam, Iman, jeung Ihsan urang salaku manusa. Kalawan konsistén, ngucapkeun dzikir téh kudu husyu jeung ihlas, nepi ka panceg dina diri urang ka-Islam-an, ka-Iman-an, jeung sikep Ihsan.

- 4) Ngimpi dina budaya mitis-spiritual masarakat Indonésia, mangrupa *tanda*. Patalina jeung kosmologi, ngimpi téh bagian tina réalitas buana luhur (buana nyungcung) nu mangrupa beungkeutan jeung buana tengah sarta buana handap. Ku kituna, ngimpi téh dianggap asalna ti buana luhur nu mangrupa réalitas buana tengah manusa. Kajadian ngimpi dina naskah manakiban Syéh Abdul Qodir Jailani bisa dima'naan salaku prosés manusa ngahontal kasampurnaan pikeun ngagabungkeun tilu buana dina kosmologi Sunda. Sanajan ukurimpian, naon-naon hal nu ditétélakeun ku Syéh Abdul Qodir Jailani disapukan kusakumnaulama. Éta hal patali jeung kanyataan yén dina ajaran agama Islam, dawuhan Rosululloh nu nétélakeun yén sanggeus jaman ahir kanabian Rosululloh téh moal yadeuikan abian. Sok sanajankitu, panghubung-panghubung mahtetepaya, di antaran aliwatan impian jalma-jalmamu'min.

- 5) Kabudayaan Sunda akarna tina tradisi agraris. Pikeun masarakat agraris, cai mangrupa hiji hal nu mutlak kudu nyampak. Pentingna cai téh geus ngalahirkeun mitos-mitos jeung rupa-rupa carita rakyat nu sakral. Salian tina jihat kabudayaan, cai ogé nyangking tempat nu utama dina sawatara agama. Dina kahirupan agama Islam, umat Islam kenal kana cai Zam-

Zam di Masjidil Haram, nu mibandahasiatsalakuobatjeungteukungsingalamansaas. Dina ajaran agama Budhajeung Hindu ogécaidianggappentingpatalijeungkanyataanyén 2/3 jasmanimanusatéhdiwangunkuunsurcai. Caibisadima'naanrupa-rupahal, di antarananyaéta:

- Héranngalambangkeunsucinahaté, kajujuran, jeungkaadilan;
- Caitinasumbernabisangamalirngawangunwalungan, bisa dima'naan salaku galur kahirupan sakumna mahluk nu geus pasti aya ti nu nyiptakeunana;
- Ngamalirnacaititempat nu luhurkahandapnémbongkeunperkaraétikasopansantun, kaarifan, kawijaksanaan, jeungbudiparangi nu hadé. Saupamacaidikiruhanatawadikiruhkeun, nandakeunyénbebenerantéhdidraan, prinsipjeunghargadiridiganguatawadijeweét;
- Caingajarkeunumatmanusasangkansalawasngajagakomunikasi, bohjeungsasamanabohjeungPangéran;
- Cainémbongkeunyénmanusamibogahakjeungkawajiban, nepika kudu bisasilihormatjeunghandapasor;
- Patalijeungmusibah nu dibalukarkeunkucai, ngajarkeunkamanusayénkahirupan kudu balikdeui kana jalannaanubener; jeung

- Caihé rangdinabotol nu disimpen di satengahingriunganmanakiban (jeungumumnapanangaosan) jadi indéks prosés manusa ngahijikeun tilu buana dina kosmologi nu kudu dibarengan kukasucian.
- 6) Bubur tipung mangrupikeun kadaharan nu dijieun tina tipung nu digodog, didahar nanaon tambahanatawa dibarengan kukanepikarasanajadi amis. Nurutkeun sipat dasarna, tipung teum i boga rasa nu tangtu. Ari gulageus pastirasana amis. Kecap “amis” mangrupikeun salahiji sipat rasa dasar nu sacara universal dianggap salaku pangalaman nu pikaresepeunatawapi kabungaheun. Ku éta hal, bubur tipung bisa dima’naan gambaran kahirupan nu gahar kudu dipapaés ku hal-hal nu pikabungaheunatawapi karesepeun luyu jeung saréat, di antaranyana éta ibadah, nepi ka tujuan hirup ngahontal kabagja andunya jeung ahérat tebis adihontal.

5.2 Saran

Sacara metodologis, ieu panalungtikan didasarkeun kana sumber data jeung narasumber anu kawatesanan. Tradisi manakibantéh patali jeung ritual katut naskah *manaqib* nuréa sumberna, boh ti hiji daérah boh ti daérah lianna. Ku éta hal, hadesa upama panalungtikan lianaleu wih mekarkeun sumber data jeung narasumberna. Hadé deui hadesa upama prak-prakan manakibantéh dibandingkeun sawatarawewengkon, boh di Tatar Sundabohsa-Nusantara.

Kontéks nu marengantéksmanakibanSyéh Abdul QodirJailanitéhtheusaukuramalanjeungpakakasna.Hadésaupamapanalungtikanliana leuwihgemetturleganalungtikperkarakontéks-kontékslianna.Ponkitudeuidinajihatma'nana, saliantingaliwatansemiotiktéhbisadilegaanngaliwatanjihathermeneutik, antropologi, jeungsosiologi.

Pikeunnalungtikperkararitus, tradisi, téks, kontéks, jeungma'nadinakabudayaantéhmerlukeundisiplinpaélmuan nu intertekstual. Ku kituna, hadésaupamapanalungtiklianna nu ayaminat kana étahalmekelandirinakupaélmuan-paélmuanbasa, sastra, budaya, sosiologi, antropologi, sains, jeung agama.

Ieu panalungtikan henteu dipatalikeun jeung pangajaran di sakola. Kuéta hal, hadé saupama nu minat nalungtik perkara manakiban dipakaitkeun salaku bahan pangajaran di sakola. Salian ti éta, hasil dina ieu panalungtikan ogé bisa dimangpaatkeun pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda, katut pangajaran agama Islam, boh di sakola boh di lingkungan atikan nu leuwih lega.